

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Biantara mangrupa kagiatan nyarita nu dilakukeun di hareupeun jalma réa pikeun nepikeun eusi pikiran atawa gagasan pamaksudan, nu dipiharep éta gagasan téh bisa ditarima ku pamiarsa. Biantara téh miboga pungsi anu kawilang penting nalika hiji jalma miboga niat pikeun nepikeun hiji pamaksudan, kusabab biantara bisa mangaruhan jeung ngawasa jalma séjén nalika eusina mampuh ditarima ku pamiarsa. Biantara mangrupa kagiatan anu sipatna monologis atawa komunikasi saarah, kusabab timbal balik komunikasi dina biantara ukur diréspon ku unggeuk atawa gideug, keprok, jeung pasemon. Dina prakna biantara bisa ngaliwatan rupa-rupa sarana, aya biantara langsung, biantara ngaliwatan radio, televisi, jeung rekaman. Dumasar kana sipatna, biantara téh dibagi jadi lima, di antarana 1) biantara bubuka, nyaéta biantara nu ditepikeun ku panata acara; 2) biantara pangbagéa, nyaéta biantara nu ditepikeun dina hiji kagiatan atawa kajadian nu tangtu; 3) biantara peresmian, nyaéta biantara nu ditepikeun ku hiji jalma sakaligus ngaresmikeun hiji hal; 4) biantara laporan, nyaéta biantara nu ditepikeun nalika ngalaporkeun hiji kagiatan; jeung 5) biantara pertanggungjawaban, nyaéta biantara anu eusina laporan pertanggungjawaban (Somad jeung Indriani, 2010).

Biantara nu hadé téh dituliskeun saupama maké struktur atawa sistematis anu luyu jeung katangtuanna. Éta struktur téh mangrupa salah sahiji seni dina biantara sahingga nimbulkeun ma'na nu gampang dipipaham. Ku kituna, saacan nulis atawa nepikeun biantara téh kudu maham kana tujuan biantara. Somad jeung Indriani (2010) nyebutkeun tujuan biantara téh di antarana, a) méré arahan ogé pedaran di hareup jalma réa; b) mangaruhan jalma réa pikeun kapentingan panyatur; c) méré pamahaman ngeunaan hiji informasi ka jalma réa; jeung d) ngahibur jalma réa sahingga ayana rasa puas ti pamiarsa. Tujuan biantara kudu luyu jeung jenis biantarana. Nurutkeun Rakhmat (2010) jenis-jenis biantara téh dibagi kana opat, nyaéta impromptu, manuskrip, mémoritér, jeung ékstémporér. Kahiji, impromptu nyaéta jenis biantara anu ditepikeun sacara ngadadak teu maké naskah jeung teu

aya persiapan heula saacanna. Biantara impromptu miboga kaonjoyan bisa ngébréhkeun rasa panyatur anu sabenerima kusabab nu nyarita teu nyiapkeun heula pamadegan nu bakal ditepikeunnana. Sedengkeun kahéngkéran dina métode impromptu téh bisa nyieun kacindekan anu atah kusabab dasar pangaweruhna can nyumponan. Kadua, Manuskip nyaéta jenis biantara dumasar kana naskah nu geus disusun saacanna, panyatur biasana macakeun naskah biantara nu geus disusun. Katilu, mémoritér mangrupa jenis biantara dumasar kana ingetan atawa ngapalkeun heula naskah biantarana sangkan dina prak-prakanna panyatur geus miboga patokan naon waé nu bakal ditepikeun. Nu kaopat, ékstémporan, mangrupa jenis biantara anu disiapkeun heula gurat badagna pikeun ditepikeun ka jalma réa.

Nurutkeun Somad jeung Indriani (2010) nétélakeun yén struktur téks biantara téh kabagi kana a) judul, kudu nyumponan kana tilu sarat, nyaéta rélevan nu aya hartina patali jeung pok-poko bahasan, provokatif nu hartina bisa nimbulkeun hasrat hayang nyaho ti pamiarsa, jeung singget pikeun ngahudangkeun rasa kapanasaran pamiarsa; b) salam bubuka, biasana pikeun muka biantara nu ditepikeun sacara agamis. Sanggeus nepikeun salam bubuka dituluykeun kana pupujian ka Gusti ogé ngahaturkeun nuhun ka pamiarsa; c) bubuka, nepikeun pokok-pokok masalah tina eusi biantara nu bakal ditepikeun ka pamiarsa; d) eusi, nyaéta bagian nu medar sagemblengna tina biantara nu bakal ditepikeun. Ieu pedaran ditepikeun sacara runtut jeung lengkep tur dirojong ku data jeung fakta nu udaganna pikeun ngayakinkeun pamiarsa; e) panutup, nyaéta kacindekan jeung harepan nu ditepikeun ku panyatur, ogé ucapan panghampura ka pamiarsa saupama aya kakurangan dina midang biantara; jeung f) salam panutup, mangrupa bagéan pamungkas dina biantara anu eusina téh nyaéta salam jeung ucapan panghampura. Struktur téks dina naskah biantara kudu ditulis sacara sistematis ti mimiti salam bubuka, bubuka, eusi. Panutup, jeung salam panutup.

Ieu panalungtikan patali jeung panalungtikan ngeunaan wacana pragmatik. Ari wacana téh mangrupa wangun basa pangjembarna nu diwangun ku runtulan kalimah-kalimah nu sambung-sinambung (*kontinuitas*), tatali unsurna ngéntép seureuh (kohési) tur tatali ma'nana dalit (kohérensi) luyu jeung kontéks situasi (Sudaryat, 2020, kc. 2). Hiji wacana téh diwangun ku dua nepi ka tilu kalimah atawa

leuwih atawa diwangun ku paragraf-paragraf, unggal paragraf diwangun ku sababaraha kalimah anu silih pakait jeung ngahasilkeun gagasan utama nu ngawengku kana kalimah pokok atawa kalimah utama, tuluy ditambah ku sababaraha kalimah pangjéntré (Chaer, 2007). Wacana téh kabagi jadi dua, nyaéta wacana tékstual jeung kontéktual, tekstual hartina kumpulan basa mangrupa téks anu sipatna abstrak dina kalimah (Kridalaksana, 2008). Dina wacana pasti aya patalina jeung téks, nurutkeun Samsuri dina Sudaryat (2020) nyebutkeun yén wacana minangka hasil tina proses lisan, ari téks minangka hasil tina tulisan, wacana museur kana réalitas makéna basa anu disebut téks.

Dina nyusun naskah biantara tangtu moal leupas tina struktur tékstual, kyaning: 1) cara milih jejer; 2) cara mekarkeun topik; jeung 3) cara mungkas topik (Sudaryat, 2020).

Téma, topik, jeung judul dina naskah biantara téh kawilang penting kusabab jadi dadasar dina nyusun naskah biantara. Topik mangrupa jejer pasualan anu dipidangkeun, téma mangrupa amanat nu dipidangkeun ku panyatur dina wacana, sedengkeun judul mangrupa ngaran nu dilarapkeun dina wacana pikeun ngahudangkeun kapanasaran pamiarsa kana pasualan nu dipedar. Topik nu geus dipilih bisa dimekarkeun maké lima cara di antarana 1) topik dipedar nurutkeun waktu *bihari, kiwari*, jeung *pingburi*, 2) topik dimekarkeun nurutkeun runtulan *duduk pasualan, alesan, misil*, jeung *duduk pasuala*, 3) topik dimekarkeun nurutkeun kana *perhatian, minat, hasrat*, jeung *tindakan*, 4) topik dipedar dumasar kana *5W+1H*, jeung 5) topik dimekarkeun luyu jeung runtulan bubuka, eusi, jeung pungkasan (Sudaryat, 2020).

Sedengkeun nurutkeun Syamsudin (1992, kc. 88), mekarkeun topik atawa ngembangkeun paragraf bisa dilakukeun ngaliwatan sababaraha unsur, di antarana 1) nangtukeun hiji topik, 2) cutat sakabéh hal anu patali jeung topik, 3) susun unsur-unsur paragraf sacara sistematis tina topik nepi kana bahasanna, 4) tangtukeun gaya tinulisna, jeung 5) jadikeun sakabéh unsur nu runtuy paling saeutik hiji kalimah pikeun hiji unsur.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan leuwih nyoko kana analisis nurutkeun Sudaryat pikeun ngarojong kana ieu panalungtikan. Ari unsur-unsur anu

diidéntifikasina nyaéta struktur tékstual dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022.

Aya sababaraha panalungtikan saacanna ngeunaan struktur téks nu jadi tatapakan pikeun ieu panalungtikan, diantarana nyaéta panalungtikan nu ditulis ku Mina Syanti Lubis (2018) nu judulna “*Struktur Penulisan Teks Pidato Mahasiswa Semester III Prodi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia Institut Pendidikan Tapanuli Selatan: Kajian Retorika*” anu ngulik ngeunaan struktur téks biantara. Tuluy panalungtikan ngeunaan téks biantara nu ditulis Baity Nurmuslimah (2015) nu judulna “*Kasalahan Morfologis dina Teks Biantara Siswa Kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2014/2015*”.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho tur ngadéskripsikeyun kumaha cara mekarkeun topik jeung kumaha struktur téks dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022. Ku kituna, panalungtikan ngeunaan struktur tékstual dina naskah biantara téh kudu dilaksanakeun pikeun pangdeudeul pangajaran basa Sunda, umumna pikeun kapentingan pendidikan, hususna pikeun pangaweruh struktur tékstual dina nyusun naskah biantara sangkan bisa nyingkahan kana kasalahan dina penulisan naskah biantara. Ieu panalungtikan dijudulan “*Struktur Tékstual dina Naskah Biantara Riksa Budaya Sunda 2022*”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. Dina nyusun téks biantara penting pisan merhatikeun téma, topik, jeung judul nu dipakéna.
- b. Téks biantara dianalisis pola mekarkeun topikna.
- c. Téks biantara dianalisis struktur téksna.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

- a. Naon waé topik, téma, jeung judul nu aya dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022?
- b. Kumaha pola mekarkeun topik dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022?
- c. Kumaha struktur téks dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho kumaha struktur tékstual dina naskah biantara pamilon pasanggiri biantara Riksa Budaya Sunda 2022.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun naon anu jadi rumusan masalah, di antarana:

- a. topik, téma, jeung judul dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022.
- b. pola mekarkeun topik dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022.
- c. struktur téks dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan struktur tékstual dina naskah biantara, sarta bisa dijadikeun bahan rujukan pikeun panalungtikan anu séjén.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngaronjatkeun pangaweruh ngeunaan struktur tékstual pikeun larapan dina nulis naskah biantara.

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, di antarana:

- a. pikeun panalungtik, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahann pangaweruh ngeunaan struktur tékstual dina naskah biantara.
- b. pikeun nu maca, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahann pangaweruh ngeunaan cara nangtukeun topik, téma, jeung judul, ogé kumaha cara ngembangkeun topik dina nyieun naskah biantara. Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi référénsi pikeun panalungtikan ngeunaan kabasaan, hususna ngeunaan struktur téks.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi ngawengku lima bab, di antarana: Bab I Bubuka, Bab II Ulikan Tiori, Bab III Métode Panalungttikan, Bab IV Hasil jeung Pedaran, jeung Bab V Panutup.

Dina Bab I Bubuka medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga panalungtikan. Dina tujuan panalungtikan aya tujuan umum jeung tujuan husus, sedengkeun dina mangpaat panalungtikan aya mangpaat sacara tioritis jeung praktis.

Bab II Ulikan Tiori medar ngeunaan tiori nu patali jeung struktur tékstual jeung naskah biantara.

Bab III Métode Panalungtikan medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngumpulkeun data anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung ngolah data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran nu eusina ngadéskripsiéun jeung nganalisis struktur tékstual dina naskah biantara Riksa Budaya Sunda 2022.

Bab V Panutup mangrupa bab pamungkas nu eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan anu satuluyna.